**दिन— सोमवार** **दिनांक—07.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

सर्वोच्च न्यायालय बिहार मे मतदाता सूची के विशेष गहन पुनरीक्षण— एस.आई.आर पर निर्वाचन आयोग के फैसला कँ चुनौती देयवला याचिका पर सुनवाई के सहमति दऽ देलक अछि। मामलाक सुनवाई वृहस्पति दिन होयत। न्यायाधीश सुधांशु धूलिया आओर जे.बागची के खंडपीठ राज्य मे मतदाता सूची कँ संशोधित करबाक चुनाव आयोग के निर्णय के विरूद्ध याचिका सभ पर सुनवाई के सहमति देलक अछि। एहि संबंध मे दायर याचिका मे कहल गेल जे अगर विशेष गहन पुनरीक्षण काज बंद नहि कयल जायत तऽ लाखों मतदाता अपन मताधिकार सँ वंचित भऽ सकैत छथि।

---

राज्य मे जारी विशेष गहन पुनरीक्षण अभियान के लऽकऽ राजनीतिक दल सभक बीच बयानबाजी तेज भऽ गेल अछि। राजद के वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे एहि मुद्दा के लऽकऽ कांग्रेस आओर हुनक पार्टी नओ जुलाई के राज्य मे चक्का जाम करत। एहि बीच कांग्रेस नेता पवन खेड़ा कहलनि जे विशेष गहन पुनरीक्षण के लऽकऽ चुनाव आयोग अपनहि भ्रमित अछि। नब दिल्ली मे संवाददाता सँ गपशपक क्रम मे ओ कहलनि जे चुनाव आयोग के रवैया के देखैत पार्टी के सुप्रीम कोर्ट जाय पड़ल। एम्हर, भाजपा के राष्ट्रीय प्रवक्ता सैयद शाहनवाज हुसैन कहलनि जे विशेष गहन पुनरीक्षण अभियान आड़ मे राजद आगामी बिहार विधानसभा चुनाव मे अपन हारबाक बहाना ताकि रहल अछि।

---

अररिया जिलाक रानीगंज प्रखंड कँ कोशकापुर मे प्रतिनियुक्त बी.एल.ओ शशिकांत पोद्दार कँ कर्तव्यहीनता के आरोप मे तत्काल प्रभाव सँ निलंबित कऽ देलक अछि। ओतहि, शेखपुरा जिलाक शेखोपुरसराय प्रखंडक चरूआवां कँ बी.एल.ओ के खिलाफ प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल। बी.एल.ओ पर पुनरीक्षण अभियान के लऽकऽ अफवाह पसारबाक आरोप अछि।

---

निर्वाचन आयोग कहलक जे बिहार मे मतदाता सूची के विशेष पुनरीक्षण के काज मतदाता के सक्रिय सहयोग सँ सुचारू रूप सँ चलि रहल अछि। आयोग कहलक जे पुनरीक्षण अभियानक प्रारंभिक चरण लगभग पूर्ण भऽ चुकल अछि आओर सभ टा पात्र मतदाता के फॉर्म उपलब्ध करा देल गेल अछि। अखन तक एक करोड़ उनहत्तरि लाख सँ अधिक गणना फॉर्म प्राप्त भऽ चुकल अछि। फॉर्म अपलोड करबाक काज शुरू भऽ गेल। चुनाव आयोग कहलक जे विशेष गहन पुनरीक्षण चौबीस जून कँ देल गेल निर्देशक कयल जा रहल आओर एहि मे कोनो बदलाव नहि भेल अछि।

———————————————————————

रेलमंत्री अश्विनी वैष्णव कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक नेतृत्व मे रेलवे भारत के विकासक लेल प्रतिबद्ध अछि। समस्तीपुर के कर्पूरी ग्राम रेलवे स्टेशन लऽग संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री वैष्णव कहलनि जे पिछला एगारह वर्ष मे तैंतीस हजार किलोमीटर नव रेललाईन बिछाओल गेल। ओ कहलनि जे दोसर राज्यक तुलाना मे बिहार के वंदे भारत आओर नमो भारत एक्सप्रेस ट्रेन के अधिक आवंटन कयल गेल। बजट मे बिहार के रेलवे परियोजनाक लेल दस हजार करोड़ रूपया सँ बेसी के राशि वितरण कयल गेल अछि। एहि सँ पहिने रेलमंत्री कर्पूरी ग्राम रेलवे स्टेशन पर विकसित कयल गेल विभिन्न यात्रीक सुविधा के उद्‌घाटन कयलनि। संगहि, सत्रह करोड़ रूपया के लागति सँ कर्पूरी ग्राम स्टेशन कँ उन्नयन कार्य आओर समपार फाटक के निर्माण कार्यक आधारशीला रखलनि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अठारह जुलाई के एक दिवसीय यात्रा पर बिहार आबि रहल छथि। प्रदेश भाजपा अध्यक्ष दिलीप जायसवाल कहलनि जे श्री मोदी मोतिहारी मे आयोजित कार्यक्रम सँ बिहारक लेल विशेष पैकेज के घोषणा करताह। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री विभिन्न विकास परियोजना के उद्‌घाटन आओर शिलान्यास करतथि। संगहि ओ मोतिहारी मे एक टा जनसभा के संबोधित करतथि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे आयोजित कार्यक्रम मे सात हजार चारि सय अड़सठि नव नियुक्त महिला स्वास्थ्य कार्यकर्ता ए.एन.एम के नियुक्ति पत्र प्रदान कयलनि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा आओर स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय उपस्थित छलथि।

---

प्रदेश मे मॉनसूनक सक्रियता मे कमी अयबा सँ बरखाक संभावना कम भऽ गेल अछि। पिछला चौबीस घंटाक दौरान राज्यक किछु हिस्सा मे छिटपुट बारिश दर्ज कयल गेल। नवादा के रजौली मे सभ सँ अधिक पच्चीस दशमलव दू मिलीमीटर बरखा भेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल जे अगिला चौबीस घंटा के अंतर्गत राज्य के दक्षिणी हिस्सा मे किछु स्थान पर छिटपुट बरखा हेबाक संभावना अछि।

---

समाप्त